ДЖАБРАИЛОВА АЗМАН

Маьлхан дуьне

(Берашна байташ)

Соьлжа-ГІала
2023

УДК 81-1(Чеч)
ББК 84(2Рос=Чеч)6-5
Д 40

Джабраилова Азман
Д 40 Маьлхан дуьне / А. Джабраилова. – Грозный: АО «ИПК «Грозненский рабочий». 2023. – 96 с.

Джабраилова Азманин кхолларалла дика йевзаш йу нохчийн исбаьхьаллин литературехь. Цуьнан говзарш кест-кестта арайуьйлу вайн республикин литературни журналийн а, газетийн а агIонаш тIехь а, авторийн йукъарчу гуларшкахь а.

Берашна леринчу «Берийн аз» цIе йолчу байтийн книгин (2018) автор а йу Азман.

ХIокху керлачу гуларна йукъайахана вайн кегийчу берашна лерина байташ.

УДК 81-1(Чеч)
ББК 84(2Рос=Чеч)6-5

© А. Джабраилова, 2023
© Союз писателей ЧР, 2023

АВТОРХ ДОШ

Бераш – вайн токхе тахане а, сирла кхане а йу, нагахь церан дахаран хьелаш кхиорна, церан дахар талларна оьшшучу барамехь тидам тIебахийтина къахьоьгуш белахь. Оцу Iалашонца берийн тахане къаго схьайиллина дуккха а самукъане меттигаш йу вайн махкахь: садаIаран паркаш,аквапаркаш, кхийолу меттигаш. Кхетам самабаккха, бераш гIиллакхе кхио къахьоьгуш дуккха а хьехархой, кхиорхой а бу берийн бошмашкахь, ишколашкахь. Иштта берашна лерина йазйеш цхьамогIа йаздархой а бу нохчийн къоман.

ДIадаханчу 20-чу бIешарехь берашна лерина йаздинчу дешан говзанчех бара: Саидов Билал, Саракаев Хьамзат, Гайсултанов Iумар, Гацаев СаьIид, Махмаев Жамалди, Гелагаев Сайд-Мохьмад, кхиберш а. Тахана а къахьоьгуш бу нохчийн берийн литература кхиорна йукъа доккха дакъа диллинчех болу йаздархой: Кагерманов Докка, Мамакаев Эдуард, Исмаилов Абу, Ахмадов Муса, Сулейманова Зайнап.

ХIокху тIаьххьарчу шерашкахь жигара къахьоьгучу йаздархошна йукъахь йу Сейлмуханов Мусан, Арсанукаев Мусан, Демеев ИсмаьIалан, Закриев Iийсан, Джабраилова Азманин, Резванова Айзин, Тапалаева Амнатан, кхечерийн а цIераш.

Цу йаздархойх хIор а хьакъ ву шен кхолларалле дуьззина дош ала, тIейогIучу ханна и дан Iалашо а йу вайн. Ткъа хIинца суна дешархошна йовзийта лаьа похIма долчу йаздархочун Джабраилова Азманин берашна лерина байташ.

Джабраилова Азман йазйан йолайелла школин дешархо йолуш, ткъа цуьнан дуккха а говзарш арайийлина вайн мехкан зорбанан гIирсашкахь. Къаьсттина хьахо лаьа Азманин берашна лерина байташ. Уьш арайийлина уггаре а хьалха берийн «СтелаIад» журналехь. Цуьнан «Бераллин аз» цIе йолу книжка арайаьккхина 2018-чу шарахь Нохчийн Республикин Йаздархойн союзо.

Ала деза, берийн дахар а, церан гIиллакхаш а дика девзаш йу Джабраилова Азман. Цхьайолчу байташкахь рифма нисйина йацахь а, чулацам кIорга болуш а, йоьшучун сих кхеташ а йу цуьнан байташ.

Джабраилова Азмана кечйеш йу керлачу байтин гулар. «Маьлхан дуьне» йу гуларан цIе. Шена тIе ойла йохуьйтуш, идейни маьIна лакхара долуш йу и байташ. ХIокху заманан уггаре а коьрта хаттар ду йаздархочо айдинарг. Тахана берийн дай-наношца а, вовшашца йолу а йукъаметтигаш йохош, бераллин ловзарех хадош а гIирсаш бу хIинца йукъайевлла тайп-тайпана «гаджеташ» – тилпонаш,

комьютерш. Бакъдолуш, заманца ца хилча ца бовлу техникин, дахаран кхиаран керла хийцамаш-хиламаш бу уьш.

ХIун тIеIаткъам бо оцу хийцамаша берийн дахарна? Муха къийса деза керлачу заманан техникин «хьадалчашца»? Оцу хаттаршна жоьпаш лоьхуш санна, йазйо Джабраиловас шен 9 бIогIамах лаьтташ йолу «ЙоI а, тилпо а» цIе йолу самукъане берийн байт.

Массо а нанна гIайгIа йу тахана берийн зIе алсам тилпонца хиларна, цу берийн кхетам-хьекъал, йа ницкъ а ца тоьуш хиларна шайн лаамашна тIехь олалла дан. Царна керла хIума, массарна а санна, хазахета, довза лаьа, цундела цаьрца бан безаш кхеторан болх бу, берашна тIехь Iуналла оьшу. Дай-наной уггаре а жоьпалле адамаш ду оцу декъехь. ХIокху ойланашца йазйинчух тера ду шен «ЙоI а, тилпо а» байт.

И байт дIайолайо коьртачу темина тIера: йоIана тилпонах ловза лаьа, амма нанас цуьнга тилпо ца ло, цо иза ловза арайолуьйту. УьйтIа йаьллачу йоIа шен доттагIчуьнца дIадаьхьна берийн шатайпа ловзар гойту цу байтехь. Бакъдолу берийн ловзар. Цу ловзаршца кхиъна ду эзарнаш бераш, царах дIахадийта йиш йац уьш, уьш карладаха деза. Оцу ловзарша Iамаво баккхийчарах тера лела, дахаран гIиллакхех вуола. ЧIогIа маьIне, хьехаме чулацам болуш йу хIара байт.

– Нана, соьга тилпо лохьа,–
ЙоI шен нанна йелало.

Нанас олу: « Цулла а, хьо,
Малхе йалий, йолало».

УьйтIа йеъна доттагI йайча,
Цхьа самукъаделира.
Къамелаш деш, цхьа хан йаьлча,
Ши йоI ловза йелира…

Халкъан Iер-дахаран кеп йу шина доттагIчо ловзарехь дIакхоьхьург. Нохчийн даар жижиг-галнаш башха «кечдар», уьш цхьа хаза шина йоIа «даар» а – иштта сурт хIутту йешархойн бIаьргашна хьалха.

Кхета аттачу, говзачу маттахь йазделла могIанаш ду хIорш. Цуо коьртачу Iалашоне вуьгу дешархо: хIан-хIа, йаллане а йала мегар дац берашка тилпо, нагахь церан кхиар беркате хуьлийла вайна лаахь. Лирически турпалхочо а сацамбо, кхин йоьIан беральа ца лачкъо…

Тайп-тайпана йу Джабраилова Аманин кхоллараллин тематика. Iаламца йолчу йукъаметтигна лерина йу хIара байташ: «БIаьсте йогIу», «Нитташ», «Жима кIеза», « КIант а, хьоза а», « Партал ча», «КIант а, дитт а», «СтелаIад».

Царах цхьайерш, шен-шен башхаллица къесташ йерш, йийцаре йийр йу вай:

«ЭтмаьIиг» цIе йолу байт, берийн поэзехь тема керла хиларца билгалйаьлла ца Iаш, рифма ларйарца а, чулацам маьIне хиларца а къаьсташ йу. Рифмин тайпанаш а хуьлу башха: къен а, хьалдолуш а. ХIокху стихотворенин рифма къен йац. Чаккхе-

нехь далийна дешнаш цхьана къамелан декъан цахилар а, хандешнех лаьтташ цахилар а дика гуш ду. Масала: хаза –билгалдош, иза – цIерметдош ду, цхьа а – цIерметдош, цкъа а– куцдош ду.

Хьалхарчуй, тIаьххьарчуй бIогIамашкахь (строфашкахь) цхьатерра (смежная) рифма йу, йуккъера строфа жIарайийларан (перекрестная) рифмица хIоттийна йу. Иза йаздархочо шен лаамехь нисйинчух тера ду.

ЭтмаьIиг
Хьийзош, дина цIа ду хаза,
Букъ тIехь лелош ду цо иза.
Шен цIа чу ца вуьгу цхьа а,
Охьадуьллуш дац и цкъа а…

ХIара байташ йеша а, дагахь Iамо а дика йу берашна мотт шарбарехь а, кIаргбарехь а.

Хууш ма-хиллара, исбаьхьаллин гIирсех говза пайдаэцарца, мукъаман цхьаьнаэшаралла ларйарца къаьсташ хила йеза поэзи.

Исбаьхьаллин гIирсех пайдаоьцу Джабраилова Азмана, къаьсттина – Iаламан сурт хIоттош. Масала, «БIаьсте йогIу» байташкахь далийначу шатайпанчу дустаро шена тIе тидам бохуьйту.

БIаьсте денйеш, адамах тарйеш, говза метафора (олицетворени) авторо йалийнехь а, Iаламан хазалла Кхолларан урхаллера АллахIера дуйла гойту кху могIанаша:

Авторх дош


БІаьсте йу шен духар тоьгуш,
Шен болх бо цо, кІад ца луш.
Ма говза ду цуьнан куьйгаш –
Делера схьа бустамаш.

Азманин цхьайолчу байташкахь рифмина иэшам бина карабо вайна. Ритмикин а, рифмин а башхаллаш ца йевзаш йац йаздархо. Авторо ша ма-аллара, коьртаниг – чулацамна зиэн цадар ду, рифма ларйаза мехала байташ карайо вайна бакхийчу классикийн а…


Соьга хаьттича, Азманин байташ хьакъдолуш йу дешаран книжкашна йукъахь хила а, дешархошна могІаршна йовза а.

Дош дерзош, билгалдаккха лаьа: сан Іалашо йара Джабраилова Азманин берашна леринчу керлачу гуларна йукъайаханчу байтийн мах хадор. Ас царах уггаре а дагна тІеІаткъамениш хаьржина. Дашна а доцуш, цхьажимма байташ хІитторан Іилманна тІе тидам бахийтичхьана, Джабраилова Азманин байташ чулацаме а, кхетош-кхиоран маьІна долуш а йу. Къахьегар цхьана а ханна сацо мегар дац, кхолларалле хь болх бечу наха хІетте а. Азман тахана а шен кхолларалле хь лина тІехь болх беш схьайогІуш йу. Тешна йу, цуьнан дуккха а гуларш арайевриг хиларх, цуьнан кхолларалла вайн исбаьхьаллин литературина беркате хирг хиларх а.

АБУБАКАРОВА ПетІамат,
берийн йаздархо



Маьлхан дуьне



КЪОНАХ

Берашца цхьа кIеда – мерза, церан тидам беш вара.
Тахана ша хилча вайца, цо шен хаттарш дийр дара:
– Дийцал, бераш, муха деха, муха доьшу-те аша?
Жоп лур дара, веш и реза, дош луш тIехдика деша.

Харцуо иэшош, бакъо толош, махкахь барт цо чIагIбира,
Машар, ирс, къинхьегам кхайкхош, вай толаме далийра.
Кху вайн мехкан, къоман дуьхьа шен са цо ца кхоийра,
Дикчу кIанта ден деза дукъ шен белшаш тIеийцира!

НЕНАН КОМАЬРША ДОГ

/Кадырова Айманина/

Кхоьллинчу вайн Дала сийлахь цIе йелла,
Шен доьзал ийманехь кхио ницкъ белла,
И кхиош атталла шена ца лехна,
Беркате кIант кхиий, доладан мехкан.

Мехкаден балхана гIортор шех хилла,
ДIахIоьтти, деза дукъ белшаш тIе эцна.
Цамгаро лаьцнаверг, миска йа гIийла,
ГIо лоций, хьостуш дог, вуьтуш вац тесна.

Цхьа бохам хилча вайн йарташкахь, гIалахь,
Деэшна волчунна гIо оьшу алахь,
Хиларна комаьрша, дика дог кийрахь,
Декъазниг, заьIапниг вац цунна хийра.

Даггара дохучу сагIанийн хайра
Девзаш ду вайн мехкан дозанал арахь.
Цундела доIанехь йоьху и наха,
Ца кIордош дуккхаза баркалла баха.

ХАСТАМ БО!

Хастам бо, хиларна стигалаш маьрша,
Ламанийн хIор а дукъ сенделла го.
Йахь йолчу кIенташа тIеман кIур хьаьшна,
Эккхийна махкара мостагIчун бIо.

БIаьстенан зезагаш маьршачу арахь
Техкийла, вайн халкъан дахар хаздеш.
Токхечу хьаьтташкахь кхуьийла йалта.
Адамаш дехийла,Iамалаш йеш!

ХIиттош ду маьждигаш, хазлуш йу йарташ,
Адамийн йаххьаш тIехь синмаршо го.
Вайн бераш кхиарна самукъне, маьрша,
Хастам беш, вай Далла доIанаш до!

НОХЧИЙЧОХЬ

Дикачух бен йоцуш гІайгІа,
Дебийла ирс хІусмашкахь.
Машаран малх дІа ма байла
Маьршачу сан Нохчийчохь!

Мух-мухха а диънехь дуьне,
Лур ду ша шен дахарх жоп.
Дин къовсуш, харц ма керчийла
Іесачо лебахь шен мотт.

Цхьаннан карах ма йолийла,
Іожаллина йулуш топ.
Баттара герз ма доккхийла,
Цхьаннан дагах хила гІакх.

Дела везаш, динах воьзна,
ХІор а ден кхуьийла ВоІ.
Герз схьаэцна, тІаме хІотта
Ма гІойла вайн нохчийн ЙоІ.

ДАЙМОХК – САН ДЕГАН ДОЗАЛЛА

Бецех мерза хьожа кхиэта,
Малхо хьоьсту зезагаш.
Зезаг-кІайдарг[1] суна къиэжа,
Буйна лацар ша марздеш.

Дитташ йуккъехь зарзарш дека,
Іалам хестош шовкъехь шайн.
Лиъна хаза эшарш айъа,
Гаьннаша до шабарш шайн.

Бецан дарех дайн куьг хьаькхна,
Хастабо ас Даймохк сайн.
Дукха хестор тІех ца хета –
И-м деган дозалла дай!

[1] КІайдарг-зезаг – ромашка

НЕНАН МОТТ

Делера схьа – мерза, аьхна
Вайна белла нохчийн мотт.
Дайша вуониг цкъа ца хьехна,
Ларбе бохуш ненан мотт!

Нохчийн маттахь Деле деха
Хьайна дезнарг, теснарг са.
Нанойн шурица схьаделла
Делан ниIмат ду иза.

Вай нохчаллин сий ойбур дац,
Дайх мел диснарг ца лардахь.
Кхечу къаьмнийн декхар ма дац
Лардан вайн дин, Iадат, йахь.

Делера схьа – мерза, аьхна
Вайна белла нохчийн мотт.
Кханене некъ хир бац эрна,
Ларам беш, вай бийцахь мотт!

НОХЧИЙН БЕРАШКА

Беркат хуьлуш дешарх, ловзарх,
Дегнаш токхе лаьттийла.
Кху дуьненах шайн цецдийлар
Шуна пайде хуьлийла.

Эз-эзарнаш хаттарш хIуьттуш,
Iилма шуна марзлойла.
Хьехархошца, хьехамчашца
Даккхий хаарш девзийла.

Шаьш нохчий дуй диц а ца деш,
Айде мехкан, къоман сий.
Шайн ненан мотт бийца, ларбеш,
Пхенаш чохь мел уьду цIий!

ХЬЕХАР

Диц ца деш «бисмиллахI» даккха,
Йуург аьтту куьйга йаа.
Хьалхабаккха аьтту ког,
Даим динца дуоза дог.

ЙОЗА ДЕША

Йоза диэша хІор а дийнахь
Зевне болчу нохчийн маттахь.
Хьехам, роман, байт, йа дийцар –
Царах кхача бе хьайн синна.

Дешначух ахь иэца пайда,
ГІорта чулацамах кхета.
Іилманан кІоргене кховда,
Хаарийн бІов лекха йотта.

ЙОІ А, ТИЛПО А

«Нана, соьга тилпо лохьа»,–
ЙоІа дехарш хезадо.
Нанас олу: «Цул а малхе
Йалий, жимма йолало».

УьйтІахь доттагІчух баьрг кхетча,
Цхьа самукъаделира.
Къамелаш деш, цхьа хан йаьлча,
Ши йоІ ловза йелира.

«ХІара пеш йу», – олуш, бертал
ДеъкІов гІутакх хІоттийра.
Мутт чохь хилла банка лехна,
«Пеша» тІе «йай» биллира.

«Уггар мерза жижиг вайн ду»,–
Ши тІулг йай чу тесира.
Чопа йицлахь, чорпа «пал» бу, –
Олуш, и дІайаькхира.

Толлан сара беа, лехна,
Цунах «галнаш» хедийна,
ГІаш лахьийна, «шун» кечдина,
«Жижиг» даьлча кхихкина.

«Галнаш» сихха йай чу тесна,
«Чоьлпа»-гІаж чухьовзийра.
Уьш кхихкина йевлла аьлла,
Йуу сурт а хІоттийра.

Ши йоІ къиэжа, вовше хьоьжуш,
Реза йу шайн ловзарна.
«Мерза-м йу вайн галнаш»,–олуш,
Кхана ловза барт хилла.

«Нана, суна дов ма делахь,
Аса гІамарш кегорна.
Ахь соь тахна тилпо йеллехь,
Со чохь Іийна хир йара!»

ЙоІ дІайахча, йуьхь-куьг дила,
Шена Нана къежира.
Кхана а тилпо ца йала
Шен дагахь сацам бира.

КІАНТ А, ХЬОЗА А

ХІаваэхь эшаршца хьийзара хьоза.
ЦІеххьана, макхйелла, стигал а къевкъи.
ДогІанах дІалачкъа йовха чоь йезна,
Бешарчу цІийнан и коре дІахьаьди.

«Пур-р», – аьлла, цхьа хІума корах чуиккхи.
Хьозанах жимачу кІентан бІаьрг кхийти.
ТІам бетташ, сихонца хьаьдча и коре,
И араэккхале, кІанта кор къевли.

Шен кара мел йеънарг тІекхуьссуш цунна,
Эххар, цхьаъ тІекхетча, дуьйжи, тІам бойна.
ДІаийзош, схьаийзош, и меттахъхьедо,
ГІерта кІант и хьоза кхетамчу дало.

Ша хьоза дуожийча, кІанте мохь баьлла:
 – И хІун ду ас динарг? – ша-шех цецваьлла,–
Со бахьнехь хьозанан доллу садала! –
Воьлху кІант… озаца бу дагахьбаллам.

Нанна го кІентан дог ша динчо хьаьшна…
ОьгІазе, леррина кІанте а хьаьжна,
И хьоза меллаша шен караэцна,
– Ма вуон ахь лазий и,– йистхили нана.

– Меллаша схьалаца дезара хьоза,
Ткъа хIинца, дузадеш, Iалашдан диэза.
Жимачу хьозанна паргIато йиэза,
Кхоччуш и туоделча, дIахиэца диэза.

Ишттаниг ма делахь, сан кIант, кхин цкъа а,
Вайн Iалам хаздан уьш кхоьллина Дала.
Олхазарш, акхарой ларделахь вуонах,
Уьш маьрша дахийта маьлхан серлонехь.

КІАНТ А, ДИТТ А

КІант ву дІасахьоьжуш кетІахь,
Акхтарг малхал лекха хетта.
Мохехь гІаш шабаршца леста,
ІиндагІаш ду ловзуш лаьттахь.

Буса акхтарг гича гІенах,
ГІад куьйгашца хьоьсту кІанта.
Бохь техкара, ловзош седа.
Дистхилира дитт, деш хьехар:

– Орам бу сан лаьттан бухахь,
Дехар ду со, лаьтто кхабахь.
Орамаш ду адамийн а,
Хьекъал оьшу уьш лардан а.

Шабарш дора дитто лерехь:
– Дахар хеда, шен бух бацахь.
Хьайн орамех ма хадалахь,
Уьш мел ду, хьуо вуй хаалахь.

Іуьйренца ша самаваьлча,
Шен бІаьрг йуха диттах кхетча,
Даг чохь саций лардан дитташ,
Бешахь, арахь дуогІа синтарш.

ЙИНЧУ ДЕНЦА

ЦIен басар чу ког Іоьттина,
Писус хаза «йоза» йаздин.
Цхьа самукъне сурт диллина,
Йинчу денца хьо декъалйин.

Цу хьан хазчу бІаьргийн серло
Ирсо кхин а нуьре йойла.
Хьо ларйийр йу тхан безамо,
Везчу Дала Іалашйойла!

Дикано хьан дог хьоьстийла.
Дахар беркате хуьлийла!
Делан малик! КІорни хаза,
Дала йахайойла гІоза!

КІЕНТАН КІАНТАНА

Хьан Дадина, Бабина а Делан
СовгІат хилла, хьо дуьнен тІе валар.
Тхан бІаьрг бузуш, хьох кхуьийла къонах,
Вайн махкана пайде хуьлуш дахар!

Хьан дахарехь хуьлда ийман, беркат,
Хьоьца хуьлда херлур доцу гІиллакх.
Хьо ларвойла даларх ирча гІалат.
Гена дохуш хьох йамартло, хІилла.

Хьо кхуьийла бала, гІайгІа йоцуш,
ДогцІеннала, дика амал йолуш.
Хьо вехийла, лардеш дедайн гаьннаш.
Ирсе хуьлда хьуна доьгІна некъаш.

ЗАЬІАПЧУ БЕРАШНА

Къоначу ден-ненан дахар зуьйш, Дала
Цхьаболчу доьзална башха бер делла
ДегІера мерза са дерриг дІадаллал,
Кийрарчу сих хьарчош, доьналла делла.

Синтемах кайетташ, хьовзийча бІаьрза,
Сатухуш, доьналлех Нана ца йаьлла.
Шекйоцуш, йу иза кхолламна реза,
Йеха и, дуьненан зовкхаш дицделла.

ХІун дийр ду, бер кхуллуш йаздина хилча,
Цамгаро заьІапа амал кховдийча,
Иштта кхаъ кхолламо кховдийна хилча,
Цу беран некъана хьаькхна сиз хилча.

Лазаман йозалла белшаш тІе йилла
И лазам Беллачо нанна ницкъ белла.
Безамах дуьзна дог кийрахь ду ненан,
Кхоччуш къахета шен башхачу берах.

Цу беран гІайгІанна дог лозуш денна,
Стигалан Іаьршашка доІанаш хецна,
Дуьненна къинтІера йаьлла йу нана.
КъинтІера и даккха некъ лоьху шена.

Дуьненан къовсамехь цIергара даккха,
Шен беран, бIаьрг белош, самукъадаккха,
Ирсе деш, заьIап бер гIайгIанех даккха,
Нур дашо можа малх лур бара нанас.

ЗаьIап бер ийзалуш, иэхь хеташ хуьлу,
Цамгаро ов тоьхча, цуьнан йуьхь кхулу.
Хилийша, адамаш, дашца комаьрша.
Цу берех хьерчайеш дегнийн дикалла.

Вайн къоман Iадатехь дегнашца дозу,
ЗаьIапчу берашна петохар доцуш,
Деэшнарг дIататта, гIелван йиш йоцуш,
Уьш хьаста, догъэца, гIо дан ницкъ кхочу.

Цу берийн бIаьргийн нур лепийла сирла,
Малх санна, йекхна йуьхь даим хуьлийла.
Бусалбан нуьречу вайн динан сийнна
Мискачех адамийн дика хьерчийла.

КХИОРХОЙ

(Берийн бошмийн кхиорхошна)

Іуьйрре хьалагІиттош, Нанас
Берийн беша дуьгу денна.
Дукха хІума Іема бертахь
Берашна шайн бешан кхерчахь.

Кхиорхой бу, наной санна,
КІеда-мерза, къамел аьхна.
Воккха-жима Іамош лара,
Пайден мел дерг дуьйцу цара.

Цкъа а Іен йиш йоцуш мукъа,
Церан бан болх хуьлу дукха.
Бераш школе даха кечдо,
Цара берийн кхетам ирбо.

Берийн хийла хаттар гІотту,
Ца хууш дерг цаьрга хотту.
Кхиорхоша жоп ло атта,
Іалам довза хуьлу аьтто.

Хьехархой бу дуьххьарлера,
Іамош дуьне довза, деза.
Йуьхь-сибат ду сирла церан,
Хьекъал, хаарш тоъал девза.

Эхь-бехк муха лардан деза,
Йуьхь-куьг дила, оьзда лела –
Іамочеран дош ду мерза,
Дукха беза уьш цундела.

НАНА УЛЛЕХЬ ЙАЦАХЬ

Нана цIера йаьлча,
ХIусам йаьсса хуьлу.
И цIайан хьейелча,
Кхача чаьмза хуьлу.

Нана уллехь йацахь,
Сагатлуш, сахьийза.
Гинарг цIахь, йа арахь
Дог ца догIу дийца.

Цхьанхьа вахарх-варах,
Цо декъалбо некъ хьан.
Самукъне дац дахар,
Нана уллехь йацахь.

КЕРАЙУКЪ ЙУ БЕХКЕ

Сан куьйгех бІаьрг кхетча, Нанна
ГІамарш кегор гучудаьлла.
Сан керайукъ йаста дийзи,
Ас мел динчух Нана-м кхийти.

Керайуккъехь махцарг йаьлла,
Нана-м цицигах шекйаьлла.
ХІун ду, цициг ас ловзийча,
Бехк буй сан, и дезаш хилча?

– Ас масазза аьлла хьоьга,
Шкаф чу хаттаза ма кховда?
Итт кампет бен гал ца йаьлла,
Керайуккъехь хьоькх айкхйаьлла.

Балдех пхьош ас сихха хьаькхи,
Бат цІанйеш, басар дІадаькхи.
ТаммагІо со гучуйаькхи.
Керайукъ йуха а бехке.

Вашас суна хьехар дира:
– Хьайн бедарш цІена хилийта.
Сабанца йуьхь, куьйгаш дила,
Нанас аьлларг лардеш хила.

Нана оьгIаз ца эхийта,
«Дика йоI йу» сайх алийта,
Мало ца йо бедарш хийца,
Керайукъ ас ларйо хIинца.

БЕРИЙН БЕШАХЬ

ХIор а дийнахь
Берийн бешахь
Схьагулделла
Бераш го.
Тайп– тайпана
Хаза ловзарш
Хьехархоша
Iамадо.

Бераш бертахь,
Куьйгаш лаьцна,
Ловзу цхьаьна,
Дуьйлало…
Марздо кхузахь
Хаза гIиллакх,
Оьздангалла,
Ийман, барт.

Ма дика ду
Берийн бешахь!
Самукъне ду
Дегнаш тхан.
Хастам хуьлда
Везчу Далла,
Ирсе дахар
Даларна!

ДЕГАН ЗЕЗАГ НАНА

Суна дуьне, дахар делла Нана,
ХІора де а беркате хьан хуьлда.
Хьайн са, дог ахь ца кхоийна суна,
Ирсе бералла ахь суна йелла.

Кху дуьненахь со мел йеха, Нана,
Декхарийлахь хир йу массо ханна.
Даггара сан баркалла ду хьуна,
Марзонца со ахьа кхиайарна.

Сан вуон-дика соьца ахьа декъна,
Іуьйре, суьйре суна ахь къагийна.
Хьо йоцург, кхин дуьне дац со хьега,
Зезаг ду хьо кху сан даг чохь кхиъна.

Хьан хьехамо доьналла ло сунна,
Хьан аьхна цІе суна къилба хета.
Везчу Деле ас ирс доьху хьуна,
Малх нуьре бу, вай цхьаьна мел деха.

Хьо сайн йолуш, хастам бо ас Далла!
Йуьхь кхоьлина цкъа а хьо ма гойла.
Сайн белшаш тІе оьцур йу хьан гІайгІа,
Йелалохьа, йекхалохьа, Нана!

САН НАНА

Іуьйренца со самайаьлча,
Сирла басарш кечдийр ду.
Уггаре хазачу Нанна
Зезагийн сурт дуьллур ду.

Дуьнен тІехь уггаре ховха,
Сан Нана, хьан куьйгаш ду.
Маьлхан зІаьнарш санна, довха
Хьан къамел, дог хьоьстуш. ду.

Сан Нана, хьан бІаьргийн серло
Сан кхоллам къагабеш йу.
Ас йина сайн дагца чІагІо –
Хьо ирсе йан хьожур йу.

Сан Нана, къинтІера йалий,
Са паргІатдаккхахьа сан,
КІеда, мерза дош а алий,
Уггаре хьоменига сан.

Хьо ларар тІедуьллу Дала,
Хастам бо хиларна хьо.
Баркалла хуьлийла, Нана,
Дог хьоьстуш кхиорна тхо!

Сан Нана, хьан бІаьргийн серло
Сан кхоллам къагабеш йу.
Аса йина дагца чІагІо –
Хьо ирсе йан хьожур йу.

БАКЪ БЕЗАМ

Нанас шен бер шина куьйга,
Хьоьстуш, къуьйлу доггах мара.
Хиларх дукха, берех муьлхха
Нанна ду дуьненан меха.

Нанас йоI, кIант ца до къеста.
(Шен цIийх даьлларг ма ду деза).
Сиха хиларх хьаьдда-йедда,
Берийн хьашташ дитац тесна.

Маракъовлу шен бер нанас,
Куьйгаш ду цхьа кIеда, ховха.
Детталуш ду ши дог цхьаьна,
Цхьаьнаийна дегнийн йовхо.

Бер ду доггах доьлуш нанна,
БIаьргаш серлабевлла церан.
Йуьхь йу йекхайелла беран.
Декъал хуьлда и бакъ безам!

ХЬАЛАУЬЙЪУ ШЕН БЕР НАНАС

Хьалауьйъу шен бер нанас,
Шен нур доькъуш, малхо санна.
Муьлхха хало даг тІе эцна,
Беран дуьхьа цо къахьегна.

Хьалауьйъу шен бер нанас:
– Сан жиманиг, хьажал дІаса!
Гуш йуй хьуна йалтийн аре?
Цуо сатесна хьо кхиаре.

Нуьре къиэга беран бІаьргаш,
Цунна го шен да кІа хьокхуш.
Дукхавахарг кхиъна ваьлча,
Дена хир ву цунах гІоьнча!

НЕКЪ А, БЕРАШ А

Когах йедда, буьрка новкъа иккхи,
Цунна тIаьххье жима кIант дIаведи.
Сихха тормоз таса шофер кхии…
Буохам хиларх и кIант Дала ларвин.

ЛАРЙЕ НЕКЪАН БИЛГАЛОНАШ

Дийцал суна, хаьий шуна, бераш,
Урамашкахь леларан бакъонаш?
Гушдолчунна дуьхьало ма йелаш,
Ларйеш хила некъан билгалонаш.

Хуьлу некъаш кхераме, йа боцуш.
Массанхьа ца лаьтта светофораш.
Варийлаш, шаьш некъал дехьадовлуш,
Моханаш тIехула бен ма гIолаш.

Можа, йа кIайн моханаш а йохкуш,
Некъийн говзанчаш ма бу къахьоьгуш.
ГIашлой дIалелийта кхерам боцуш,
Болх бо вайн аьтто бан, мало йоцуш.

НЕКЪ А, БЕРИЙН ЛОВЗАРШ А

Бераш ловза магош йина
ГІаланашкахь меттигаш йу.
Машенаш ца йогІу цига,
Шайн дог Іабош, ловза йиш йу.

* * *

Некъа йуххехь ма ловзалахь,
Лаха хьайна ида бай!
Машен йохахь йа галйалахь,
Бохамах лардойла вай!

* * *

Вилспет йа когхохкуриг эцна,
Ма валалахь цу машенийн новкъа.
Машенан чкъург сацо атта дац-кха,
Кхерам бу хьо лазаварна тІаккха.

НЕКЪА ТІЕРА МОГІАНАШ

Некъан можа, кІайн сизалгаш
Некъаш кечдан йохкуш йац.
Некъаш тІера дІасахьовзарш,
Уьш ца хилча, ларлур дац.

Некъ дІабоьрзу, голатуху,
Йухабоьрзу, хадабо.
Некъан сизалгаша дуьйцу
Машен муха йерзайо.

Цу сизалгийн терго йича,
Нийса лела хуур ду.
Бакъо Іамош бераш хилча,
Бохамах уьш ларлур ду.

НЕКЪАЛ ДЕХЬАВОЛУШ

Иномарка чехка йогIу,
Йу и болар сиха долуш.
Сихалла йац атта лагIлуш,
Хила веза некъах ларлуш.

Некъал дехьавала дезнехь,
Аьрру агIор хьажа хьалха.
Машен йагIахь, собарделахь,
Некъ хадош, хьо дIа ма хьада.

Аьтту агIор хьажа тIаккха,
Машен йагIахь, сих ма лолахь.
Некъа тIе ахь ког ма баккха,
И дIайаххалц, хIоттий латта.

Цу агIорхьа машен йацахь,
Некъ хадабай, хьо дIагIолахь.
Некъан бакъо Iамайелахь,
И Iамийча, и ларйелахь!

СВЕТОФОР

Светофор йу бІаьргаш бетташ,
Низам лардан хІоттийна.
Некъал дехьа-сехьа волуш,
Кхерам боцуш лелийта.

Леррина хьо дІасахьажа.
ЦІен бІаьрг бетта болалахь,
Бакъо ло цо машенашна.
Хьо собардеш латталахь!

Можа бІаьрг бу «кечло» бохуш,
Баьццара бІаьрг ахь ларбе!
Некъан болам цо схьабосту,
Маьрша буьту цо хьан некъ.

Бакъенаш вай Іамо йеза.,
Даим дагахь латтайеш.
Светофоран гІоьнца лела,
Некъан низам а лардеш.

ХIЕТАЛ-МЕТАЛ

Некъа тIехула аййелла,
Сих-сиха цо бIаьргаш бетта.
Цу бIаьргийн бос хийцабелла,
ДIасаваха бакъо йелла
/светофор/

ДАЙМЕХКАН ІУЬЙРЕ

Бецан хелхар тайна, хьийза полла,
Зезагашца дезна гергарло.
Ткъа уьш дуьхьал доьлу, декхаделла,
Іуьйренан тхи жаз тІехь лепаш го.

Дитташ йуккъехь мукъамийн зов хеза,
Самадевлла бенахь олхазарш.
Мехкан аз ду тамехь, хьоьстуш лерса,
Декъалйарца мехкан Іуьйренаш.

Іаламан башхаллех дог цецдуьйлу,
Са ду мелчу хІонехь даьржина.
Нохчийчоь, хьо денна серлайуьйлу,
Цкъа а сий довр доцуш йехийла!

МЕХКАН ІАЛАМ

Бецан хелигна тІехиъна,
Зазан дургалх къурд а бина,
Малхо хьоьстуш, дадолаг ша Іа.
Орцан дукъ тІехула текхна,
Стигал макхйеш, малх хьулбина,
Йелха хІоьтти Іаьржа марха ша.

КІеза бун чу лечкъи сихха,
БІаьргаш къерзош, арахьаьжна,
ЦІийзаш, резадоций хаийти.
Мера тІе догІан тІадам боьжча,
Цицган кІорни, кхераделла
Дедда, бабин уча дІалечкъи.

Іаьмнаш даржош, латта тІадий,
Шен болх бина догІа дели,
Мархаш йуккъехула къеги малх.
ЖилІаламо дегнаш хьаьсти,
Берийн йаххьаш йекхайели,
Даккхийдеш вайн мехкан Іаламах.

Бераш кхуьуш, наной боьлуш,
Деле кхайкхар къобалхуьлуш,
Вайна беркате ирс Цо лойла.
ХІор а дийнахь кхин а хазлуш,
Стигал йекхаш, дахар толуш,
Даймохк Везчу Дала ларбойла!

ЛАРДЕЛАХЬ ЛАТТА

Диттан сурт дуьллуш,
Махе ладогІа.
Мехашна девза
ГІано ден шабарш.

Дитта тІе куьг хьуш,
Ойла йе дикка,
Комаьрша латта
Ду и хих Іабош.

Синтар дуьйш, цІандеш,
Ларделахь латта,
Дийнаниг кхаба
Кхоьллина Дала.

АЬХКЕНАН СУЬЙРЕ

Тийналлехь седанна кIорда дац ловза.
Леррина шен маIаш къагош бу бутт
Цхьа тийна хетало хьаннаш а тховса.
ТIекхечи Iаламан хIайбате мур.

Йаржаеш хаза архь, сагал-буц техка.
ТIулг кхоссарх, «вакъ» хиезош,
пхьид а йац шек.
Боьрара тIуьначу жIолмашлахь лечкъа
Чилларчий, гIовгIанан ца хуьйцуш кеп.

Тховса сан Даймахка йоьссина суьйре,
Дуй-теша хьол хаза кхин хIума гур?
Иллешца синкIорге дижина туьйра-
Исбаьхьчу Iаламан хIайбате мур!

ІЕЖАШ

Малх схьакхеташ, серлайаьлла
гуш йу стоьмийн беш.
Хилла баьлла стом бу мерза,
хьожа йаржайеш.
Беша йаьлла Нана хьийза,
Іежаш лехьадеш.
Туьйранашкахь хестош долчу
царах йоккхайеш.

Гаьннаш тІера охка-
делла дохку уьш.
Церг йоьллича, Іежех долу
чомехь мерза мутт.
Шайца пайден витаминаш
йолу мерза стом
Могшаллина пайдехь ду уьш,
ца оьшуьйтуш лор.

БАППА

Жима баппа, можа корта лестош,
Малхе хьоьжуш лаьтта, айъаделла.
«Со а дашо ду, хьо санна»– бохуш,
Техка, шен кхолламна резахилла.

Зама йели, мехаш, догIанаш тили.
Баппан корта къежлуш, кIайн ма бели,
Мелчу махо сарахь шен «хIупп» эли –
Дашо коьртах шера тIуьска хили.

НИТТАШ

Кхуьу нитташ боьрахь, бай тIехь,
Аренашкахь, некъа йистехь.
БIаьста хуьлу къона, мерза,
Вайна церан дарба девза.

Хуьлу оьгIазе, къанбелча,
Ца лов, шайна цхьаъ тIевеъча.
Когаш, куьйгаш къестор доцуш,
Къовзадо, биэн-башха доцуш.

Воккха Дадас мангал туьйси,
Ниттийн къух цо охьатуьйхи.
Кхин къовзор вац воьдуш-вогIуш,
Вагош, дегIе зуз доуьйтуш.

ПАРТАЛ ЧА

Стомма йу и, гуьйриг санна.
Болар до цо, техкаш партал.
МІарашца цо охку латта,
Леррина цо лоьху напгІа.

ЦІеххьана дІаоькку иза,
Кхийсалуш, и йоду сиха.
Цкъацца, керчаш, Іин чу хьоду.
ТІехьа когаш тІе а хІутту.

Шена кхерам тосабелча,
Партала хатІ хуьйцу чано.
Корта ойъу, ша шекйаьлча,
Хьожа йохуш, мара хьебо.

Лата кечло хьуьнан экха,
«ГІигІ» деш, йолало и Іеха.
Онда ницкъ бу ченан дегІехь.
Хьуьнхахь ларлуш хила веза.

ЭТМАЬИГ

Хьийзош дина, цIа ду хаза,
Букъ тIехь лелош ду цо иза.
Шен цIа чу ца вуьгу цхьа а,
Охьадуьллуш дац и цкъа а.

Гай тIехь цхьаъ бен ког бац цуьнан,
Цундела йу текхна лелаш.
И текхначохь лар йу тIуьна.
Лела, меттахъхьедеш мекхаш.

ЭтмаьIиг вай йузо йеза.
ХIун хета-те цунна мерза?
Копастан гIа цунна даккха,
Шен цIа чуьра арайаккха.

ПИСУН ДАХАР

Ира мIараш, кIомсарш кIайн,
КIеда когаш, болар дайн.
Сан когех и хьекхало,
КIеда-мерза «хур-тIур» до

Дуьжу суна уллохь дIа,
Куьг хьокхуьйту дарба дан.
ЦIийнах дехкий летар дац
Писуу мел ду, шеко йац.

* * *

Уьйриг санна, хьерчаш, Іуьллу,
Наб йо Писус пеша уллехь.
Ас хьаьстича, «мур-мур» олий,
Хар деш дуьйцу суна туьйра.

ГІенах гой-те, ша зІаьнаршца
Уьдуш, ловзуш зезагашлахь,
ТаьІна тебаш бацалахь,
Лаца гІерташ олхазар.

* * *

Со меттахволу –
И тІаьхьадолу.
Ас буьрка кхуссу –
И тІаьхьа кхоссало.
Шен ира мІараш
Сан куьйгех тосу –
ХІетте а деза
сайн хаза Пису.

ХАЗА ГІЕНАШ

Мерза наб йеш цициг Іуьллу,
ТІом беш ду и гІенах.
Моьттуш гонах дахка уьду,
Мекхаш хьедо меттах.

Ша баарна кхерабелла,
Бедда боьду дахка.
И дуй хууш буьрса экха,
Гарранехь бо бега.

Ши бІаьрг билли, гІан чекхдели.
Букъ саттош, дегІ уозий.
ХьалагІатта карх ца дели,
Йуха а наб озий.

Кхин гІан дуьхьал цунна тосу,
Тхов тІехь Іаш ша тийна.
Хьоза талла тебна пису,
Кийчча каде хила…

Эццахь цициг самадели,
Хаза гІенаш дайра.
Бага гІаттош, уозаделла,
Шура йаа дахна.

ЖИМА КІЕЗА

Ринжехула керта деъна,
Доладели, цІийзаш, делха,
Буьрка санна, горга, хаза
Ненах хаьдда жима кІеза.

Гарранехь и дегадора,
Дара меца… Шелделлера.
Лечас, аннех бун а йина,
Шура йаош, и дузийна.

Ду и чІогІа харцахьара.
Дала доллу лууш ловза.
Амма кІанта дина омра
Кхочушдан сихло-кха кІеза.

КІеззиг ханна бІаьрг тилбелча,
Йадош, дІалачкъайо мача.
Ийзош, йуьхку кегий цергаш,
Цоьстуш, этІош, йоху эрча.

ГІадвахана хьийза Леча,
Лууш кІеза кхио, кхаба.
Олу цо: – «КараІамийча,
Талла дуьгур ду и Дадас».

ЖИМА ПХЬАГАЛ

Кертахь жIонкаш лехьош,
Лела жима пхьагал.
Шен бен чу а кхоьхьуш,
ДIало уьш шен нанна.

Нана-пхьагал дуьхьал
Шен кIорнина йогIу.
Ларйан лууш, хьехар
Деш кIорнига олу:

– Хир ду хьуна тебаш
Кондарш йуккъехь цхьогал.
Ду и хIилла долуш,
Цунах хьо ларлолахь!

МИЧАХЬ БУ ХЬАН КОРТА

КIохцалш ду-кха шортта,
Буьрка санна, горга.
Мел лерина лехарх,
Ца карабо корта.

Мичахь ду-те куьйгаш,
Ца карабо когаш.
Аса шура йутту –
Зуьно шен дегI досту.

Къаьрззина соь хьоьжу,
Шуьрех хьожа йоху.
Буьхьиг хьебеш меран,
Кхин а шура йоьху.

БОРГІАЛ

Кхойкху, керта буьххье йаьлла,
Кура, майра, къорза боргІал,
Гайта лууш шен майралла,
БІаьхочух тардина хьажар,

Ирчу херхан цергех тера
ТІилдигна тІехь цІен бос лепа.
Онда, нийса, буткъа когаш,
Царна тІера ира мІараш.

УьйтІахула йолайелча,
Цхьаннах лата дагадеъча,
Лаьттах хьоькхуш, ирйо мІараш,
Йусало и, гІиттош тІемаш.

Сийна суйнаш бІаьргех туьйсуш,
ЗІок тІейетта, мостагІ кхерош.
Воьдуш-вогІуш и тІелетча,
Вер ву, хьайн са ма-дду ведча.

ЧIАРА

Малхо хьесий Iам чу хецна,
ТулгIе лоьцуш, дуьлу уьш.
Таханлера де къагадан
Серлонча го къахьоьгуш.

Хин тIехуле гуш къегина,
– И хIун горга серло йу? –
Хаа лиъна, жима чIара
Цу серлонга кхийдаш бу.

Кхоьруш, Iам чу малх божарна,
Хин кIоргене хьаьди и.
ЧIерийн маттахь гинарг шена
Дийца гIерташ, хьийза и.

ІАЛАМАН ХИЛАМАШ

Гуьйрено аьхке,
Човхайеш, эккхий.
ЦІен-можа деши
Дитташ тІе Іаний.

Мох карзахбаьлла,
ГІаш дІасаидош.
Мархаш йазйелла,
ДогІанаш Іенош.

ДогІанах ийна,
Ло а ду догІуш.
Гуьйре дІачехош,
Іа ду тІедогІуш.

И шерийн хІоттамаш
Хийцало иштта.
Іаламан хиламаш
Дукха бу бийца.

АНАЙИСТ

Геннахь гуш йу анайист,
Цига сиха кхачалой – те?
Дийнахь сарралц барах некъ,
Кхаьчнарг вац-кха цунна тIе.

БІАЬСТЕ ЙОГІУ

Серло, йовхо лаьтте кхийдош,
Іалам хаздан басарш лоьхуш,
Іаьнах йисна шело чехош,
Цхьа исбаьхьа мур бу богІуш.

Вовшашца миноташ йоькъуш,
Де дахдеш, ткъа буьйса йацлуш.
Шеран заманаш, рагІ лоьруш,
Шеран гуонехь йу хийцалуш.

Малхо хьоьсту ирзош, хьаннаш,
Сенлуш лаьтта лаьмнийн раьгІнаш.
Йекхайелла адмийн йаххьаш,
Болх болийна, латта дендеш.

Іаламца къамеле дуьйлуш,
Самадевлла ломахь Іаьмнаш.
Шовда уьду, тулгІе керчош,
БІаьсте йогІу, дегнаш хьоьстуш.

ГОВЗА ХЬАША

БІаьсте йу шен духар тоьгуш,
Шен болх бо цо, кІад ца луш.
Ма говза ду цуьнан куьйгаш –
Делера схьа бустамаш.

Цхьа шатайпа туьтеш ухкуш,
Кечйи, сенйеш, цо стиглаш.
Маьлхан хьесий хедош, ловзуш,
Хьийза хьеший-олхазарш.

Цхьа кегийра мехий дохуш,
Тоьгу Іаьмнийн куьзганаш.
Царна чохь го чІерий ловзуш,
БІаьсте йеъча, деба уьш.

Бес-бесарчу аматашца
Хьаннийн духарш хазлуш го.
Лаьмнийн басеш, зезагашца
Буц къарзйина, кечйи цо.

Марша йа хьо, говза хьаша,
Йеънарг кхане токхе йан.
ГІаланашка, йарташка а
Комаьрша куьг кхочу хьан.

ХАЗА БІАЬСТЕ

Зазано, куц хаздеш,
Беш серлайаькхи.
Бес-бесар зезагаш,
Бай кхолуш, лаьтта.

Іаламан хазаллех
Даккхийдеш, бешахь
БІаьстенан аьхналлехь
Олхазарш дека.

Малхо шен нур хьоьрсу
Ломан баххьашкахь.
БІаьстено гІулч туьйсу
Даймехкан лаьттахь.

ІИНДАГІ

ЦІерга кхоссарх, и ца догу,
Хи буха а и ца доьду.
Куьйгашца схьа ца эцало,
ТІаьхьаидарх, ца лацало.

Суна тІаьхьара ца долу.
Со лестича, леста иза.
Со воьддуче соьца догІу.
Серло йайча-м, дов и сиха.

МАЛХ

ЦIен басе бирзина,
Чубуза сихбелла,
Маьлхан хIоз керчина
Малхбузе дIахьаьдда.

Делкъенан тов дожош,
Суьйренга де лести.
Таханах вай дохуш,
МаьркIажа хан кхечи.

Шен йовхо кховдайеш,
Малх мичахь гIотту-те?
Iуьйренца декъалдеш,
ХIун къаьмнаш хьосту-те?

МАЬЛХАН ДУЬНЕ

Ма хаза ду маьлхан дуьне,
Дала аьхна кхоьллина.
Малх, беттаса лепа нуьре,
ХIор а седа къегина.

Маьлхан дуьне, маьрша дуьне
Дала диэза кхоьллина.
Кхийда ойланаш а ирсе,
Ненан диканех ийна.

Дуьне довза Iама деза,
ПарггIат йаккха йогIу хан.
Ма дайъалахь де кхоамза,
ХIор а дийнан белахь хам.

Машар оьшу ирсе хила,
Сийна стигал, можа малх.
Дала лучух хастамбина,
Ала: «АлхьамдулиллахI!».

СЕРЛАБЕЛИ СТИГЛАХЬ МАЛХ

Серлабели стиглахь малх.
Лайх цIанйели ломан рагI.

Тхевнан йистехь кхозу шаш,
Эгош малхехь тIадамаш.

Шекар санна, ло деши.
Татол хилла, уьду хиш.

Хаза бIаьсте кхечи схьа
Олхазарийн эшаршца.

СТЕЛАIАД

Мела маьлхан догIа Iиэнна дели,
Мархаш зарзйеш, гучубели малх.
Iаьмнаш, дохдеш, цо Iаьнаре дерзий,
Iалам самукъне го, цIанделла.

Маьлхан зIаьнарш, вовшахтасайелла,
Басарийн дукхаллехь йаьржина.
СтелаIад, цхьа башха стигал кхала,
Нуьре ахгуо беш, дIахIоьттина.

СтелаIад ду хазаллин Iаламат,
Стиглахь лепа дашо нур хилла.
Ду и лаьттахь доцу Делан совгIат,
Стигал къаго Дала схьаделла.

ГУЬЙРЕНАН АМАЛШ

Хийцамаша, йожош йовхо,
Дерриг Іалам шелдийр ду.
Маржа-йаІ хьо, маьлхан серло,
Кестта хьо а-м гІеллур йу!

Хьаннаш, басеш, маждар хьаьдда,
Бос хуьйцуш, дІахІуьттур йу.
ТІера духар охьатесна,
Гаьннаш стигла кхийдар ду.

ГІаш айъина, урамновкъахь
Мехаш шовкъе буьйлур бу.
Йуха, бевдда, ломах хьерчаш,
Шийла кхаънаш кхийдор ду.

Буса-дийнахь стигал йоьлхуш,
Йарташкахь ткъарш лаьттар йу.
Гуьйре йу вайн махка йогІуш,
Шен беркат цо дохьуш ду...

ХЬУЬНХАХЬ

КIирандийнахь, мукъа висча,
Дас тхо хуьнха дигира.
База, дакх а, наж а, хьач а,
Кхин а дитташ гайтира.

Зазадаккха йолайелча,
Хьожа йаржош, кхуьу буц.
Дарех тера, и хазйелча,
Лаьа, хьостуш, хьакха куьг.

Боьранал тхо дехьадевлча,
ДуьхьалхIоьтти хаза сурт.
Ломан басех хьаладевлча,
Гена йоццуш го тхайн йурт.

ПаргIат йара садоIийла.
Нанас тIоьрмиг баьстира.
КIеда хьокхам, хохаш сийна
Шаршу тIе цо бехкира.

Декъа дечиг туьллуш цIерга,
Дадас алу кечйира.
Марсайоккхуш, и кечйина,
Цу тIехь жижиг деттира.

Шовда муьйлуш, ловзуш, доьлуш,
Хьуьн чохь оха садаьIи.
ТIаккха, вовшех дагадуьйлуш,
Iалам лардан нигат дин.

КОСМОНАВТАШ

«Вайн лаьттал хаза кхин дуьне дац!», – бохуш,
Жима кIант воллура, турмала хьоьжуш.
Карара цициган кIорни ша хьостуш,
МуцIарна леррина турмал тIелоьцуш.

Цу чуьра сурт гича горга дуьненан,
Хийти и кIорнина тера бошхепах.
– «Схьалохьа деттинчу жижиган дакъа», –
Доьху цо, «мIаьу-у» ца кIордош баха

– Ахь хIун до, хIай пису, и-м бошхап даций!
Цициго, «мIаьв» бохуш, йуха до дехар,
– Схьагуш дерг дуьне ду, йалгIу ма дац и,–
КIордийра кIантана цициган Iехар.

– Вайшимма космосах ойла йан йеза,
Халонаш соьца лан хьо хилахь реза!
Седарчийн гуламехь керланиг лаха,
Сайца хьо дуьгур ду ракета хахка.

ГОВРАЦА КЪАМЕЛ

Шекар кхаллош, мерза хьаьжкIаш йаош,
Дас кхобучу говрана тIе вахна,
Вовшашна бен, цхьанне кхин ца хазош,
Цуьнан лерехь къамел дира кIанта:

– Тамашийна кхоьллина хьо Дала!
Болар чехка, гIиллакхе йу амал.
Цхьа догцIена, дика хьайба ду хьо,
Дадас чIогIа хьоме кхиош йу хьо!

Ала соьга, Дада везий хьуна,
Дада санна, тешаме йуй цунна? –
Кхетча санна, говро таIий корта,
Йегайо кхес, охьахецна ворта.

– Кхин хьайбанаш, дезаш, лорий ахьа? –
«Кхахь» деш, теIа корта хьала-охьа …
Говран бIаьргахь лепа дерриг дуьне,
КIанте хьоьжу, терсар чIагI а дина.

ЦІОЬКЪАЛОМ

КІеда кетар, деши санна, можа,
ЦІока ма-ййу моханаш йу Іаьржа.
Деха меттиг – гена луьста хьаннаш,
Лаьмнийн аьрцнаш, тІулгийн бердаш, Іаннаш.

Меллаша ког боккхуш, доладелла,
Ша ца гойтуш, тийна-тебна лела.
Ирхе йолчу тархаш тІе и долу,
Къаххьаш, дитташ новкъарло ца лору.

Тидамалла, хІилла Дала делла,
Экха толлу, кхоссало тІах-аьлла.
Кхерам тосуш, хаьа цергаш къажо.
Дера хилар гойтуш, бІаьра хьожу

Ницкъ бу цуьнгахь онда экха лаца,
Масарш, лунаш, сеш ду цуьнан кхача.
Ша схьалаьцна ижу дІа ца хоьцу,
Дуьзна даллалц цунах пайдаоьцу.

Тархаш йуккъехь бен бо цІоькъалоьмо,
Хаьа кІезий осала ца кхио,
Вуно дика хаьа шен бен ларбан.
Йиш йац цуьнан цкъа а само малйан.

ТАРСАЛ

Керайукъ йуьззина маьлхан хIуш кховдош,
Жима йоI тарсалца къамеле йели:
– Дийцахьа, тIехилий суна, ца кхоьруш,
Шийлачу Iаьнера хьо муха йели?

Хьулйина тешамах дIаийна шеко,
Туохало, дIаэккха шен лаам гойтуш.
Тарсална лиира гергарло магуо,
ТIехили йоIана, йуург дIаоьцуш.

– Месалчу кетаро Iаьно дегI дохди.
Дечиган хари чохь ас сайна бен бин,
Хьуьнхара, и бохбан, гулбина Iеха,
Кегийчу кIорнешца цу чохь со йеха.

Гуьйренца стоьмийн хIуш, бIараш а гулдо.
Малхо уьш дакъийча, бена чохь хьулдо.
Сан чомехь даар ду и жIаьлин нускалш,
Къахьоьгу, лаьтта а йуссий, уьш гулдеш.

– Дийцахьа ма-дарра, хIай хаза тарсал,
Хьо муха ларло-те? МостагIий буй хьан?
– Вуон адам, салораш[2], куьйранаш, бухIа –
Сох пхьор дан лууш йу акхарой дукха.

[2] Салор – куница

МостагIех ларйала суна дац атта.
Со наха ларйича, сох хир бу пайда...
ЙоIаца уьйр лаьцна, тарсал дIайеди,
Ойлане йаьллачохь латта йоI йити.

ІАЬНАН ЛОВЗАРШ

Ураме шера ша хьаьхна.
Ца соцуш, оьгуш го ло.
Кху Іаьнан ловзарех хьаьгна,
Бераш чу ца дерзало.

БІогІам тІехь чиркх богу сирла,
Цо къагий лайн чимийн хІур.
Ца кІордош шаьш йохье дийла,
Серлонгахь го берийн сур.

Доцуш ган доккха цхьа бахьна,
Самукъадаьлла го шайх.
Йаххьаш йу цІен басе йахна,
Бедарш а йуьзна йу лайх.

Бералле ойла сан хьаьдда,
Иэс лела, барз гулбеш лайн.
Цу берех хьоьгуш, со лаьтта,
ТІехтилла цІавоьрзу хан.

ІАЬНАН МАРЗО

Тхевнаш, дитташ хьулди лайно,
Хиш къевлина буто шано.
Хазахеташ Іаьнан марзо,
Бераш, гуллой, доьлху ловза.

Шен ма-хуьллу гІерта шело,
Марош къийзош, бераш чехо.
Амма цхьа а вац шекваьлла,
Мелхо ловзар карзахдаьлла.

Бераш шелонах ца къехка,
Лууш салаз, конькеш хехка.
Іаьнан ловзарш хилча тайна,
Могшаллина хир бу пайда.

КЕРЛА ШО

Керла духарш тоьгуш,
Дезчу денна эшарш,
Хелхарш, байташ Іамош,
Самукъне ду бераш.

Базанан дитт кечдеш,
Бес-бесара чиркхаш,
Дашо хьесий оьхки,
Буьххье седа боьлли.

Гуонехь хьийза бераш,
До самукъне хелхарш.
Доькъу ГІура-Дадас
Чам дика совгІаташ.

Керла шо ду догІуш,
Сатийсамаш айбеш.
Вайн Даймахкахь машар,
Ийман, беркат чІагІдеш!

ХIЕТАЛ-МЕТАЛШ

* * *

Туьйранахь бошхепахь керча.
Чомехь бу и, церг ахь тоьхча.
Бос баьццара, можа, цIен а –
Муьлха стом бу, хьанна хаьа?
/Iаж/

* * *


Дитта тIехь и кхуьуш ду,
Хилла даьлча, дужур ду.
Йаархьама мерза тIум,
Иза кагдан дезаш ду.
/БIар/

* * *

Схьагулло уьш, йазлуш, макхлуш,
Шайна тIехьа малх дIалечкъош,
Стиглара чуохкало уьш.
ТIаккха йоьлху, догIа Iеношш –
Дийцал, бераш, хIун йу уьш?
/Мархаш/

* * *

Малх дIалечкъа, догIа серса.
Кечлуш гена новкъа довла,
Олхазарш а ду догъэшна.
Чекхйолуш йу йовха аьхке.
ТIегIертарг йу мокха …….
/гуьйре/



ЧУЛАЦАМ

Авторх дош	3
Къонах	11
Ненан комаьрша дог	12
Хастамбо	13
Нохчийчохь	14
Даймохк – сан деган дозалла	15
Ненан мотт	16
Нохчийн берашка	17
Хьехар	18
Йоза деша	19
ЙоI а, тилпо а	20
КIант а, хьоза а	22
КIант а, дитт а	24
Йинчу денца	25
КIентан кIантана	26
ЗаьIапчу берашна	27
Кхиорхой	29
«Нана уллехь йацахь…»	31
«Керайукъ йу бехке»	32

Берийн бешахь 34
Деган зезаг – Нана 35
Сан Нана 36
Бакъ безам 38
«Хьалауьйъу шен бер нанас» 39
Некъ а, бераш а 40
Ларйе некъан билгалонаш 41
Некъ а, берийн ловзарш а 42
Некъа тІера могІанаш 43
Некъал дехьаволуш 44
Светофор 45
ХІетал-метал 46
Даймехкан Іуьйре 47
Мехкан Іалам 48
Ларделахь латта 49
Аьхкенан суьйре 50
Іежаш 51
Баппа 52
Нитташ 53
Партал ча 54
ЭтмаьІиг 55
Писун дахар 56
«Уьйриг санна, хьерчаш, Іуьллу...» 57
«Со меттахволу...» 58
Хаза гІенаш 59
Жима кІеза 60
Жима пхьагал 61
Мичахь бу хьан корта 62
БоргІал 63
ЧІара 64
Іаламан хиламаш 65

Анайист 66
БІаьсте йогІу 67
Говза хьаша 68
Хаза бІаьсте 69
ІиндагІ 70
Малх 71
Маьлхан дуьне 72
Серлабели стиглара малх 73
СтелаІад 74
Гуьйренан амалш 75
Хьуьнхахь 76
Космонавташ 78
Говраца къамел 79
ЦІоькъалом 80
Тарсал 81
Іаьнан ловзарш 83
Іаьнан марзо 84
Керла шо 85
ХІетал-металш 86

Литературно-художественное издание

Детская литература

ДЖАБРАИЛОВА АЗМАН МАГОМЕДОВНА

Солнечная планета

Стихи
(на чеченском языке)

Редактор *Арсанукаев Муса*
Корректор *Бурчаев Халим*
Обложка/Вёрстка *Ганаев Заур*

Заказ №
Формат 84x108/32
Усл.печ.л. Тираж 500 экз.

Отпечатано в типографии АО
«Издательско-полиграфический комплекс
«Грозненский рабочий»
ЧР, 364026 г. Грозный,
ул. Санкт-Петербургская, 12/35

Заметки

Заметки

Заметки

Заметки